ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№106 (21.764) ● 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Агеенкэ И. Н. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етыным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Урысей Федерацэм и къэрал гъунапкъэр хъумэнымкІэ къулыкъур илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрырихьэкІым, гъунапкъэхъумэ ІэнатІэм и ветеранхэм гулыгъэ зэрахуэщ1ым, щ1алэгъуэлэр дзэ къулыкъым хуэгъэхь зэрырынымрэ Хэкур фІыуэ яльагъуу гъэсэнымкІэ дэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІым папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын **Агеенкэ Иван Николай и къуэм** - «Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ы» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщ1ым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м
№58-УП

БатІ Ж. Хь. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» щІэ льапІэр фІэщ1ым и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщ1алажьэм ик1и и Іэщ1агъэм зэрыхуэІ1эзэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» щІэ льапІэр фІэщ1ым **БатІ Жамилэт Хьэзэлий и пхъум** - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыЗм и дзэ-медицинэ ІэнатІэм и дохутырым-консультантым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м
№60-УП

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хэтащ Осетие Ищхэрэ-Алание Республикэм и Іэтащхьэ Мамсуров Тайм-мураз и кулыкъым зэрыпэрыхьам теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм. А зэхьхьэщхуэр Владикавказ, Осетие Ищхьэрэ къэрал академическэ театрым и унэм, щекІуэкІащ.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и хьуэхьум къеджащ абы и полномочнэ лы-кІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр. А тхыгъэм къыщыгъэльэгъуащ щ1ыналь-лъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ, льэпкъ, дин зэгуры1уэныгъэр гъэбыдэнымкІэ республикэм и Іэтащхьэм хуэзэфІэкІ псори илъэшыну къэралым и Президентыр зэрыщыгугъыр.

А къулыкъум етІуанэ пІалъэкІэ зэрыпэрыуэмкІэ Мамсуров Таймураз къехьуэхьуну апхуэдэу къэкІуащ Ставрополь крайм и губернатор Гаевский Валерий, Ингуш Республикэм и Президент Евкуров Юнус-Бек, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Президент Эбзеев Борис, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ Магомедов Магомедсалам, Шэшэн Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 Абдурахманов Дуквахъ, Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Кокойты Эдуард, Абхъаз Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 Ашубэ Нугэар, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Президент щ1ита Дзасохов Александр сымэ.

Кавказ Ищхьэрэм и щ1ынальэхэм я унафэщІхэм я щІэкІэ зэІуІэм къыщыпсэльащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. «Иджыпсту Осетие Ищхьэрэр промышленнэ лъабжьэ лъэщ щ1ызэтеуа, зэфІэкІрэ зэхэщ1ыкІ лъагэр зэдэщ1ыІэ щ1ынальэщ. Социально-экономикэ зыужьныгъэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ и унэтІынгьэхэмкІэ республикэр Урысейм и щ1ынальэ пащэхэм къакІэрыхурыкым. Осетием и щ1ынальэм мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ щытепщэщ. Ар зи фІыщІэр лэжьэн зыфІэфІэфІ осетин льэпкъымрэ Осетие Ищхьэрэм-Аланием и унафэщІхэмрэщ», - кІыхьитэщхьэхуІащ абы.

Къанокъуэ Арсен хэхауэ жиІащ Урысейм и Президентым тыкъыдэ унафэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щ1ынальэхэм я унафэщІхэм я щІэкІэ зэІуІэм. Ар зи фІыщІэр лэжьэн зыфІэфІэфІ осетин льэпкъымрэ Осетие Ищхьэрэм-Аланием и унафэщІхэмрэщ», - кІыхьитэщхьэхуІащ абы.

Къанокъуэ Арсен хэхауэ жиІащ Урысейм и Президентым тыкъыдэ унафэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щ1ынальэхэм я унафэщІхэм я щІэкІэ зэІуІэм я унафэщІ псори зэрыщыгугъыкІар. «Дэкуэдщ1ауэ дыщыгъуазэщ Таймураз Дзамбек и кІуэр езым и республикэм и мызакъуэу, зэрыщыту Кавказ псом сэбэп хуэхъуну зэрыхуІэкъум», - щІигъужащ абы.

КЪБР-м и Президентым кьигъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Осетие Ищхьэрэмрэ я зэхэущ1ыкІэхэр зэгъэнэгъуфІу щытыным, зэдэлэжьэным я щапхьэу кІыхьэзэрильытэр. «Ди дежкІэ нэхъыщхьэр, ди льэпкъхэм зэрызэхъумэжьым кІыдэкІуу, ахэр УФ-м и льэпкъхэм я щ1ыгъуу псэунырщ1ик1и зиІэ зэхьэщхуэ зиІэ и унэтІынгьэхэмкІэ республикэр Урысейм и щ1ынальэ пащэхэм Осетием и щ1ынальэм мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ щытепщэщ. Ар зи фІыщІэр лэжьэн зыфІэфІэфІ осетин льэпкъымрэ Осетие Ищхьэрэм-Аланием и унафэщІхэмрэщ», - кІыхьитэщхьэхуІащ абы.

Къанокъуэ Арсен хэхауэ жиІащ Урысейм и Президентым тыкъыдэ унафэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щ1ынальэхэм я унафэщІхэм я щІэкІэ зэІуІэм я унафэщІ псори зэрыщыгугъыкІар. «Дэкуэдщ1ауэ дыщыгъуазэщ Таймураз Дзамбек и кІуэр езым и республикэм и мызакъуэу, ЛэскэнІ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Мэкъуауэ Арсен, КЪБР-м и Парламентым и депутат, «Захуагъэ зэдэщІыІэ Урысей партым и щ1ынальэ кьудамэу КЪБР-м щ1ым и тхьэмадэ Кебеков Владимир сымэ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Къанокъуэ Арсен хэтащ

Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Іэтащхьэр къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа гуфІэгъуэм

Техникэ куэд къаІэрохьэ

АПК

2008 - 2012 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкІхэм, сырьем ерыскъыпхъэхэм я рынокыр уиэтІыным теухуа Къэрал программэм и фІыгъэкІэ, агропромышленнэ комплексыр техникэкІэ къызэрызэрагъэпэщ щ1ыкІэр хэпщ1ыкІыу ефІэкІуащ.

2006 - 2009 гъэхэм кьуэрыбыдэу Къэбэрдей-Балькъэрым и гъавэгъэкІхэм кьащ1эхуащ1 сом мелардым щ1игъу и уасэ мэкъумэш техникэ зэмылІэужьыгъуэ 850-м щІигъу. «Урысейм и агролизинг» ОАО-м ирата льэпхъэм ятІонэрэ, мы илъэсым республикэм къыхуэхьуэнущ сом мелуан 72-м щІигъу и уасэ трактору 37-рэ, гъавэ зэрыуахьж комбайну 10, мэкъумэш зэреуэу апхуэдизу, нэгъэущ1 мэкъумэш Іэмэпсымэхэр. Нобэ ирихьэлІэу къаІэрыхьащ сом мелуан 22-рэ и уасэ трактор 12, гъавэ зэрыуахьж комбайну 4, мэкъумэш зэреуэу 2.

Мэкъумэш техникэ кьращэхун папщІэ къыІаха кредитхэм процентКІэ щхьэщ1ыкІым щыщ1 ІыхьэІ ихуэпщ1ынеижьым ыкІэралым субсидиехэр хуэхъ. Нэгъабэ а Іуэхум сом мелуан 26,6-м щІигъу - федеральнэ бюджетым кІыхьэкІыу сом мелуан 21,5-рэ, республикэм ёйуэ сом мелуани 5,14-рэ хуауэтІыпщащ. 2008 гъэм ар зэрыхъуар мелуани 5,4-рэщ (федеральнэ бюджетым щыщу мелуани 4,2-рэ, республикэ бюджетым и мыльку зы мелуанрэ пщІанитІрэ).

КредитКІэ мэкъумэш техникэ къэзыщэжахэм ятІонэрэ мазищым сом мелуани 2,8-м щІигъу хуапшыныжащ. Абы щыщу мини 168-р республикэ бюджетым къыхэкІащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Лъэпкъ Іуэху

Шэрджэсхэм я гукъеуэхэр

Черкесск дэт драмтеатрым мэкъуауэгъуэм и 5-м щекІуэкІащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щ1ыпсэу адыгэ льэпкым и зэхъэкІыныгъэхэр. Ар къыдэІуихащ ик1и иригъэкІуэкІащ КЪПР-м щ1ыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд. Зэхуэсым хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр, Адыгэ Республикэхэм, Шапсыгъэм щ1ы1э Адыгэ хасэхэм я лІыкІуэхэр.

ШЭРДЖЭСХЭМ я зи мыч1эзу съездыр теухуауэ щ1ытащ кьэрэшейхэмрэ адыхэмрэ я зэхуакъ дэлъ зэхущ1ытыкІэм. Иуэрей илъэс 20-м республикэр зезыхьэ президентлІмК (къэрэшейхэщ) адыгэхэм яхуэфащэ гулыгъэ къызэрыхуаМыщІыр, щ1ынальэм и кьулыкъущІапІэхэм шэрджэс льэпкым щыщу щылажьэхэр зэрымакІэщІэр, нэгъэущ1 Іуэху мыщхьэпэхэри ягу къызэреуэр жаІащ зэхуэсым къыщ1ыпсэлъахэм, Зыгъэгумэщ1хэр зыгъэзэкІуэжьыфыну хэкІыпІэу зэхуэсыщхьэм кьрихьэлъахэм къызытар Шэрджэс автоном область къызэрагъэпэщ1ыжьыныр, абы и резолюцэм льабжьэ хуэхъуар аращ.

Апхуэдэ гупсысэхэр шэрджэсхэм зэрадаІыгъэр кьыхэщ1у къэпсэльащ абаз, урыс, адыгэ жылагъэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Зэхуэсыр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящ1ыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Федерацэмкіэ Советым

ЗАВАДНИКОВ Валентин:

КъБР-м и промышленностымрэ транспортымрэ я зыужьыкІэм егупсысауэ бгъэдыхьэн хуейщ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Промышленнэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІ Завадников Валентин иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленностымрэ транспортымкІэ инфраструктурэмрэ зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхуэхэм, анхуэдэу Тырныауз вольфрамымрэ молибденымрэ къыщыщІэхынкІэ зэтегъэувэжьыным.

КОМИТЕТЫМ и зэІущІэр къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и махуэхэм хиубыдэу. Абы щІэсащ Федерацэмкіэ Советым хэтхэр, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министр **Абрэдж Іэдиб,** КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий,** мы Іуэхуэм егъэщІылІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Завадников Валентин Къэбэрдей-Балькъэрым ик1ахэм фІэхьыс сэлам къарихащ. «Нобэ ди псалъэмакъым кьрихьэлІащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Абхъэзэ Республикэм ди мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху куэдым дытепсэльыхьыну кьытпэщ1ытщ. Ди псалъэмакъым Іуэхуэ1Іэр кьрик1уэну сыщогугъэ», - къыхигъэщащ абы.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэм куууэ зэпкърахащ гъуэгум шынагъэншэу щызэкІуэным, гущ1ыгъуэ транспортым и мылькыр зэрызэрахьэр гъэтэмэмым, шахтерхэм шынагъэншэу лъэхьэнмкІэ закон шэсыпІэхэр кьахуэзгъэпэщ1ыным яп1ыІа Іуэхуэхэр. Зыубгъуауэ тепсэльыхьащ Тырныауз и вольфрам-молибден кьащ1эхьпІэр зэтегъэувэжьыным.

ЗэІущІэм щыжаІахэм япкъ итк1э, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ къратащ маршрутхэм тет автомобилхэм я щытыкІэн хуейр зыубзыгъу федеральнэ законым и проект игъэхьэзырыну, апхуэдэу Урысей Федерацэм Транспортымкіэ и министерствэм папщІэ Налшык къалэм хъурейуэ кьыпекІуэкІ гъэзэгуу километр 37-рэ зи кІыхьагъэныр ухуэнымкІэ зыхуэфащэ Іуэхугъуэхэр зэхилъхьэну. УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм чэнджэщ ратащ Тырныауз вольфрам-молибден кьащ1эхьпІэр зэтегъэувэжьыным ар егъэжьэжьыным я яп1ыІа Іуэхуэхэмкіэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм дяпэкІи кьыдэлэжьэну.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тек1уэныгъэ-65

Хьэщ1эхэр кърагъэблагъэ.

Пресс-конференцыр щекІуэкІым.
Сурэтхэр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

«Фэеплъым и мафІэгур» Налшык къыщоувыІэ

Тек1уэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъуам и щ1ыхькІэ къызэрагъэпэща «Фэеплъым и мафІэгу» щІалэгъуалэ Іуэхум и зы Іыхьэ Налшык щекІуэкІащ. Москва къикІ «Фэеплъым и мафІэгур» мэкъуауэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къэсащ. Ар хуэдэ къуэвыІэпІэу Курск, Мейкъуапэ, Черкесск, Ставрополь, Волгоград къалэхэр зыхуаубзыхуа мафІэгум щигъэзэжынур мэкъуауэгъуэм и 12-рщ.

ІУЭХУ дахэр къызэрагъэпэщащ УФ-м Спортымкіэ, туризмэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм, ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ агентствэм, «ЩІалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыныкІэ урысей центрым», каскадерхэм я «Мастер» зэгухьэныгъэм, КъБР-м Хъыбарегъащ1э ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яд1элъжьынымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и минис-терствэм я жэрдэмкІэ.

КъБР-м и Щ1алэгъуалэ правительствэм хэтхэмрэ псапащ1эхэмрэ пщэдджьым жьыуэ пежьащ1 цІыху 60 зэрыс автобусхэм. Гъуэгуанэр ягу кьинэжьын хуэдэу хьэщ1эхэм гуапэу я1уащ1ащ ди хэкуэгъуэр, я хьэщІэгъуэрекІуу къызэрагъэпэщащ. Абы и ужькІэ Хьэтіохъущ1ыкъуей хадэм щекІуэкІащ «Георгий и лентІ» зыфІаща Іуэхур, зэІущІэм кьрихьэлІахэм хуагъэшащ зауэм теухуа тхыгъэхэр тету 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м кьыдэкІауэ щыта «Правда» газетхэр.

Хьэщ1эхэр къызытекІухьа Іуэхум нэхъ кууэдыщагъэгъуэгъуэхэм папщІэ, Налшык дэт Щэнхабзэмкіэ фондым пресс-конференц щызэхащащ. КъБР-м хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Жамболэт,** ветеран **Къуэщ1ысокъуэ Муид,** республикэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и президиумым хэт **Щ1ыбий СуэлътІан,** УФ-м и Спортымкіэ, туризмэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Трубецкой Михаил,** «Единый Кавказ» эсэмблеем и унафэщІ **Айказ Микаель,** Осетие Ищхэ Республикэм и лІыкІуэхэр, Іуэхур къызэзыгъэпэщ1ахэм ящ1ыщ **Машинистовэ Ольгэ** сымэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ. Жэрдэмыр зейхэм я мурад нэхъыщхьэр зауэм лІыхъужьыгъэ щызезыхьахэм я фэеплъхэр зыхуей хуэгъэзэжьынырт. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэ ящ1ыщ щІы Іэмыші1э Москва зэрызадахьынур. Ар, адрей къалэхэм къыщащ1та щІыхэм хэлъу, Александр хадэм ит «Сэлэт мыщІыхум» и къэщ1ахэм трагъэхьэнущ.

Абхъазым и утым щагъэльэгъуащ Хэку зауэщхуэм и ветеранхэм я ягъэІэпхъуэ муэйм щахъумэ хьэпшыпхэр, спорт лЭзэжьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ щІалэгъуалэр зэпеуащ, тхыдэм щыщ тепльэгъуэхэм къытращ1ыкІа спектаклхэр утыку къыщ1рахьащ, концерт ятащ.

«Фэеплъым и мафІэгу» щІалэгъуалэ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ1 иІэс къэс ар ирагъэкІуэкІыну.

ТАБЩ1 Динарэ.

Хэку зауэщхуэм и ветеран Ахобеков Исхьэкъ хьэщІэхэм фІэхъус псалъэкІэ захуегъазэ.

Тхыдэм и зы теплъэгъуэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Шэджэм куей

ШколыщІэ къызэІуах

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлІэу Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм сабий-ныбжьыщІэ спорт школ къыщ1ызэІуахащ. Шэджэмдэсхэм апхуэдэ тыгъэ хуащ1ащ къуажэмрэ районымрэ я хьэрычъ-тыщІэхэм. Мамбэт Михаил я пашэу. Абыхэм щэнхабзэм и уиэту щытар спорт школым зэхуэдэу зэрагъэпэщ1ыным сом 1 мелуанрэ мин 72-рэ хухахащ.

АР КЪЫЩ1ЭЗІУАХЫМ къуажэдэсхэм я гуфІэгъуэр дал1этну кьрихьэлІащ район администрацэм и унафэщІым и къуэдзэхэу Урыс Аслъэмэрэ Тырнаузкъэ Аслъэмырзэрэ, спортым щ1ыхь зиІэ и мастер, Урысейм щ1ыхь зиІэ и тренер КІуэкІуэ Руслан, альдж-урым бэнэкІэм хуэІэзэ спортсменхэр щІагъасэ республикІэ школым и унафэщІ Жаным Аслъэн, олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч зыгъэсса Кьардэн Аслъэн сымэ.

Район администрацэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІ Бекъан Хьэзыр Щэджэм ЕтІуанэ щ1ипсэухэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ, щІалэгъуалэм ехьулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьэну эзригуапэр яжриащ.

Хьэщ1эхэм бэнакІуэхэм я пэшыр, тренажер залыр, шахмат-шашкэ секцэхэм хуэщІа пэщІыр, я щ1ыгъынхэр щ1ызэрахьуэкІ, зыгъэпскІыпІэ кабинетхэр къызэхапльхьащ. Тренер пэшым кьыдэкІуэу, методикэ кабинети яІэщ. Школым щ1ыхь 13 щ1ылэжьэнущ. Гулыгъэ нэхъ зыхуащ1ыну спорт лЭузыныгъуэхэм ящ1ыщ1 дзюдзюр, альдж-урым бэнэкІэ, бокс щІэблэр хуагъэсэнущ спортым и мастер Бэгъуэт Мухьэмэдэр КІэдыкІуей Руслан эрэ. Къищ1ынэмыщІауэ, кикбоксингымрэ боксымкІэ секцэхэр къызэІуахьыну я мурадщ1. Абы и тренерхэри яІэщ.

АХЪИЙ Іэсият.

И унафэ щ1ыгъуэщ

Къэрал лІыщхьэхэмрэ правительствэхэм я унафэщІхэмрэ я саммит (СВМДА) Истамбул дыгъуасэ къыщ1ызэІуахащ.

Урысейм и лІыкІуэу абы щ1ыІэщ Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир.

- Терроризмэр, щІэпхъаджащІэ гуп зэщІэгъэІуэхэр, наркотик, цІыху зыщІэхэр - а псори дызытекІуэдэжьынкІэ хъуну, къэрал гъунапкъэ гуэр зимыІэ, зэхуэдэу дызыпщІэтын хуэй щынагъэщ1, - жиІащ Тыркым и президент Гюль Абдулла, зэІущІэр къыщ1ызэІуихым.

Къэзахъстаным иужьрей илъэситІым Іэщ1элъа СВМДА-м и унафэр дыгъуасэ Тыркым Іэщ1ылъхьащ. А къэралым и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, иджы СВМДА-м гулъытэ нэхъ хуищ1ынущ Азием щынагъэншагъэр къыщ1ызэгъэпэщ1ыным.

Сыт щІеуар?

Корее Ищхъэрэм и къэрал гъунапкъэхъумэкІэ Китайм и къухъыым Іэщэкіэ зэреуам кьыхэкІыу. Пекин нотэ яІэрэхьащ Пхеньн щ1ыІэ къэрал лІыщхьэхэм.

- А къэралитІым я гъунапкъэхэм хуэзэу ежэх Ялуцэян псым тет кхъухь мамырым КНДР-м и зауэлІхэр мэкъуауэгъуэм и 4-м Іэщэкіэ ёуащ ик1и Даньдун къалэм щ1ыщ щІыхуищ яук1ащ, зы уІэгъэ ящІащ, - жеІэ Китайм Къэрал щ1ыб Іэхуэхэмкіэ и министерствэм и лІыкІуэ Цинь Ган.

Нохъапэуэкіэ ёзы Китайми Корее Ищ1эми я хъыбар яг1уат а кхъухьым контрабандэ игъэІэпхъуэу щ1ытауэ.

Цинь Ган зэрыжиІамкІэ, Китайм и къэрал Іэухущ1апІэхэм кхъхьуар зэхагъэжІ ик1и мыгувэу кьыжаІэнущ абыкІэ хуэнашэри жэуап зыхьынур хэтми.

КъащІэкІуакъым

Москва и Ленинград шоссем банк щ1ыхьхъунщІахэр яубыдащ.

Ахэр пІлы мэхъу. Махуэ зыбжанэ и пэкІэ абыхэм банкым сом мелуанихым щІигъу кьыщІахауэ щ1ытащ.

◆1682 гъэм щ1ыщІэдзауэ урысей пащтыхьу, 1721 гъэм щегъэжьауэ яп1э урысей императору щ1ыта, Санкт-Петербург езыгъэуху Петр Езанэр къыщ1ыдыхуа махуэщ (1672 - 1725).

◆ИльэС 65-рэ и пэкІэ (1945) ягъэуващ «Берлин щ1ыхьэрищтам папщІэ», «Будапешт щ1ыхьэрищтам папщІэ», «Венэ къызэрищтам папщІэ», «Белград хуит къызэрищІыжам папщІэ», «Варшавэ хуит къызэрищІыжам папщІэ», «Прагэ хуит къызэрищІыжам папщІэ» медалхэр.

◆ИльэС и пэкІэ Урысейм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргызыстам, Таджикистаным, Армением я правительствэхэм я Іэтащхьэхэм Іэ традзащ кризисым пэщІэтыныжьыкІэ программэ къэщІэныным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

◆Нидерландэм зи пІалъэр къэмыса парламент хэхьныгъэхэр щокІуэкІ.

◆Мэкъуауэгъуэм и 9 - 13-хэм Бухарест (Румыние) щызэхэтынуц Дунейпсо тхылъ жармыкІэ.

Планэлэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Нэмысым насып кьыдокІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2010 гъэм и япэ кварталым зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым и Iуэхук Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2010 гъэм и япэ кварталым зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым едэIуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр отчет лъэхъэнэм кърикIуа дэу хэхъуэхэмкIэ сом мин 520135,3-кIэ е илъэсым и планым и процент 27,3-кIэ, абы щыщу налог хэхъуэхэмкIэ сом мин 1350523,5-кIэ, налогыу щымыт хэхъуэхэмкIэ сом мин 40646,5-кIэ, ямыпшыныжыну къаIэрыхьэ хэхъуэхэмкIэ сом мин 3810135,3-кIэ зэрагъэзэщIар.

2009 гъэм и япэ кварталым елъытауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр сом мин 270486,8-кIэ (процентi 105,5-кIэ), абы щыщу финанс дэIэпыкъуныгъэр хэмыту хэхъуэмкIэ сом мин 153394,5-кIэ (процентi 112,4-кIэ), ямыпшыныжыну къаIэрыхьэ ахъшэмкIэ сом мин 117092,3-кIэ (процентi 103,2-кIэ) нэхъыбэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым финанс дэIэпыкъуныгъэр хэмыту хэхъуэу къыIэрыхьэм къыщIигъуащ налог хэхъуэхэр сом мин 318235,0-кIэ (хуэдэ 1,3-кIэ) нэхъыбэ зэрыхъуам и хьэкъкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым отчет лъэхъэнэм къыIэрыхьа налог хэхъуэхэм я хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щытащ акциз зытехуэ товархэм тралъхьэ акцизхэр, цIыху щхьэхуэхэм яIэ хэхъуэхэм щхьэщатыкI налогхэр, IуэхущIапIэхэм къаIэрыхьэ фейдэм пэкIуэ налогыр, мылъкум щхьэщатыкI налогыр. Отчет лъэхъэнэм кърикIуа быдэу акциз зытехуэ товархэм тралъхьэ акцизу къаIэрыхьар сом мин 641300,3-рэ е илъэс планым и процент 21,8-рэ (2010 гъэм и япэ кварталым и планым и процентi 105,6-рэ) мэхъу. ЦIыху щхьэхуэхэм яIэ хэхъуэхэм щхьэщатыкI налогхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым япэ кварталым сом мин 328755,4-рэ е илъэс планым тещIыхьауэ процент 21,0-рэ къыIэрыхьащ. IуэхущIапIэхэм къаIэрыхьэ фейдэм пэкIуэ налогыу сом мин 208496,6-рэ е илъэс планым тещIыхьауэ процент 31,5-рэ (2010 гъэм и япэ кварталым и планым и процент 240,1-рэ) къыIэрыхьащ. «Мылъкум пэкIуэ налогхэр» IыхьэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым 2010 гъэм и япэ кварталым сом мин 105809,2-рэ е илъэс планым тещIыхьауэ процент 11,5-рэ къаIэрыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщIхэр 2010 гъэм и япэ кварталым сом мин 3260588,6-рэ е илъэс планым тещIыхьауэ процент 15,9-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал щIыхуэр сом мин 254538-рэ хъууэ щытащ.

А псоми япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2010 гъэм и япэ кварталым зэрагъэзэщIам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетыр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэхэмкIэ администратор нэхъыщхьэхэм чэнджэщ етын:

1) субсидие, субвенцие щIыкIэу, къинэмыщI бюджет зэхуаку трансферту федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мурад пыухыкIахэм трагъэкIуэдэн папщIэ къаIэрыхьа бюджет зэхуаку трансфертхэм ящыщу 2010 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къамыгъэсэбэпу къэнахэр а мурад дыдэхэм папщIэ 2010 гъэм къагъэсэбэпыну зэрыхуэныкъуэр икIэщIыпIэкIэ федеральнэ агентствэхэмрэ ведомствэхэмрэ щыпхагъэкIыну;

2) субсидие, субвенцие щIыкIэу, къинэмыщI бюджет зэхуаку трансферту федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мурад пыухыкIахэм трагъэкIуэдэн папщIэ 2010 гъэм къаIэрыхьа бюджет зэхуаку трансфертхэр тэмэму икIи нэгъэсауэ къагъэсэбэпыныр къызэрагъэпэщыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм накъыгъэм и 26-м
№367-П-П

● Щыгъуэ

1979 гъэ.

Иужьрей гъуэгуанэ

ТхьэмахуэмахуэМ, мэкъуауэгъуэм и 6-м, Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, егъэджакIуэ гъуэзэджэ, лIыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм хэта Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэм и дыуэщIыр.

ТХАКIУЭШХУЭР, цIыху гуащIафIэр иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэну гуауэ дауэдапщэм къэкIуат жылагъуэ лэжьакIуэхэр, республикэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я къулыкъущIэхэр, Ахьмэдхъан къыдэлэжьахэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ, абы иригъэджахэр. Щыгъуэ пэкIур къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Лэскэн район администрацэм и IэтащхьэМ и къуэдзэ Бажэ Дотий.

Абы къыщыпсэлъахэу КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим, КъБКъУ-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Чым Юрэ, усакIуэ, «Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэр» клубым и унафэщI Гуртуев Сэлихь, Лэскэн район администрацэм и IэтащхьэМ Мэкъуауэ Арсен сымэ, нэгъуэщIхэми Ахьмэдхъан зауэ гъуэгуанэ кIыхьыр зэпызыча зауэлI хахуэу, хьэлщэн дахэ зыхэлъа, псэ хьэлэл зиIа цIыхуу, и къалэнхэм фIыуэ пэлъэщ IэщIагъэлIу, зэчий зыбгъэдэлъ, щIэблэ щэ бжыгъэхэр адыгэбзэр зэрырагъэджынум хуэзыгъэса егъэджакIуэфIу, гъащIэшхуэ зиIэ тхылъхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа тхакIуэ щыпкъэу зэрыщытам и гугъу ящIащ.

Нало Ахьмэдхъан къыщалъхуа Хьэтуей къуажэм щыщIалъхьэжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● **Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIыналъэ IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къет**

2010 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2010 гъэм и I кварталым	2009 гъэм и I кварталым елъытауэ 2010 гъэм и I кварталым процентк Iэ	2008 гъэм и I кварталым елъытауэ 2009 гъэм и I кварталым процентк Iэ
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	95,3	104,8
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелуан	2595,0	105,3	105,2
Автомобиль транспорткIэ хьэлъэу ягъэIэпхъуар, тонн-километр мелуан	31,0	86,4	90,2
Связым и Iуэхутхьэбзэхэр, сом мелуан	915,2	115,4	125,8
Розницэ сатур, сом мелуан	12119,0	103,5	115,9
ЦIыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, сом мелуан	3199,2	102,9	107,9
«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэкIэ зэфIагъэкIар, сом мелуан	435,4	54,4	114,9
ПсэупIэ унэу хьэзыр ящIар, метр зэбгъузэнатIэ мин	31,9	74,9	101,7
ЩэхуакIуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент	103,7[2)]	109,0	116,1
Промышленностым и товархэр къыщIэзыгъэкIхэм ягъэува уасэхэр, процент	106,2[2)]	125,7	95,5
ИпэжыпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ ахъшэ хэхъуэр	-	104,9	108,5
Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэ IэнатIэхэри хэту)	-	-	
номинальнэу	10555,4[3)]	106,9[3)]	122,8[3)]
ипэжыпIэкIэ къыщIэкIым тещIыхьауэ	-	98,1[3)]	105,8[3)]
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, цIыху мин	20,8	74,2	78,4

2010 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым и **Статистикэ регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я IэнатIэ пыгъэщхьэхукIауэ 12433-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ къигъэсэбэп IэмэпсымэхЭр зэзыгъэпэщыж IэнатIэм (процент 23,2-рэ), сырьем елэжь IэнатIэм (процент 14,5-рэ), мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я IэнатIэхэм (процентi 10,1-рэ), ухуэныгъэм (процентi 8,6-рэ) щыIащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъекту 8737-р (учетым ита псоми я процент 70,3-р) унейщ. Абыхэм ящыщу нэхъыбэ щыIэщ опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ къигъэсэбэп IэмэпсымэхЭр зэзыгъэпэщыж IэнатIэм (процент 29,-рэ), сырьем елэжь IэнатIэм (процент 17,6-рэ) мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я IэнатIэхэм (процент 13-рэ).

2010 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу уней IуэхущIапIэхэм ящыщу процент 80,2-р Урысей Федерацэм и цIыху щхьэхуэхэм къызэрагъэпэща организацэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэщ.

2010 гъэм и I кварталым **промышленностым и продукцэр** 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процент 95,3-рэ, абы щыщу хъугъуэфIыгъуэу къыщIаххэр процентi 149,3-рэ, сырьем елэжь IэнатIэхэм я продукцэр процент 91,9-рэ, электрокъарур, газыр, псыр къэлэжьынымрэ тегуэшэнымрэ процентi 104,2-рэ мэхъу.

Зэрыщыту республикэм и промышленностым и продукцэм щIыкIэрыхуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр фадэхэкIыу (аркъэуэ, ликеру, коньяку) ящIыр хуэди 2,3-кIэ, этил спиртыр хуэди 2,6-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуарщ.

ХъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзых IэнатIэм хиубыдэу щIыдагъэу къыщIашым хуэдэ 1,6-кIэ хагъэхъуащ.

Электрокъарур, газыр, псыр къэлэжьынымрэ тегуэшэнымрэ процентi 4,2-кIэ хагъэхъуащ электрокъаруух къалэжьыр процентi 2,4-кIэ, хуабэ энергиер процентi 5-кIэ нэхъыбэ зэращIам и хьэкъкIэ.

ПсэупIэ ухуэныр. 2010 гъэм и I кварталым псори зэхэту псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 31,9-рэ хьэзыр ящIащ. 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ ар процент 25,1-кIэ нэхъ мащIэщ. ПсэупIэу хьэзыр хъуа псоми щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 28,8-р е хьэзыр хъуа псэупIэхэм я процент 90,4-р зыщIар уней ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIахэрщ.

ПсэупIэ унэу яухуэр зыхуэдизым зэрызихъуэжар (метр зэбгъузэнатIэ мин)



Социальнэ-щэнхабзэ IэнатIэм хиубыдэу 2010 гъэм и I кварталым хьэзыр ящIащ газ зрикIуэ бжьамий гъуэгуу километри 7-рэ псы зрикIуэ бжьамий гъуэгуу километр 33,73-рэ.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэр. «Ухуэныгъэ» лIэужьыгъуэм хиубыдэу 2010 гъэм и I кварталым сом мелуан 435,4-рэ и уасэ лэжьыгъэ е 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процентi 54,4-рэ ирагъэкIуэкIащ.

КъызэрабжамкIэ, **мэкъумэш продукцэ** къэзылэжь псоми 2010 гъэм и I кварталым мэкъумэшхэкIыу сом мелуан 2595-рэ и уасэ е 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процентi 105,3-рэ къалэжьащ.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэр ирагъэкIуэкI. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м ирихьэлIэу гъатхасэ къэкIыгъэр гектар мин 31,3-м халъхьауэ щытащ, 2009 гъэм и апхуэдэ зэманым ирихьэлIэу ясауэ щытар гектар мин 29,9-щ.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я бжыгъэм 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу республикэм и хозяйствэ псоми щыхэхъуащ икIи былымыр мин 231,8-рэ (2009 гъэм мэлыжьыхьым и 1 елъытауэ процентi 101,4-рэ), абы щыщу жэмхэр мини 107,1-рэ (процентi102,8-рэ), кхъуэр мин 47,4-рэ (процентi 124,6-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 308-рэ (процентi 107-рэ) хъуащ.

2010 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я Iэщым хэлIыкIащ былыму процент 0,8-рэ (2008 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм - 1 процент), кхъуэуэ процентi 5,4-рэ (процентi 6), мэлымрэ бжэнымрэ процент 1,1-рэ (1 процент).

ЩIэжьейуэ къалъхум (Iэщ лъхуэн-пIэну 100-м тещIыхьауэ) хэщIащ: шкIэхэм процент 22,7-кIэ, кхъуэшырхэм - процент 10,5-кIэ, щынэхэмрэ чыцIхэмрэ процент 30,8-кIэ, нэхъыбэ хъуащ.

ЦIыхухэм я уней щIапIэхэм щаIыгъщ былымым и процент 79,5-р, кхъуэм я процент 15,8-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 69,9-р.

Хозяйствэ псоми IэщхэкI лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыщалэжьащ:

	2010 гъэм и I кварталым	
	тонн мин	2009 гъэм и I кварталым елъытауэ, процентк Iэ
Лыуэ (яукIын щхьэкIэ, псэууэ шэчауэ)	12,6	110,5
Шэуэ	62,9	103,3
ДжэдыкIэу, мелуан	32,0	106,0

Уней щапIэхэр зезыхьэ цIыхухэм лым и процент 50,8-р, гъэшым и процент 80,9-р, джэдыкIэм и процент 81,6-р, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ лым и процентi 9,7-р, гъэшым и процентi 8,1-р, джэдыкIэм и процентi 2,6-р къалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм Iэщымрэ джэдкъазымрэ къыпах хъерым хэхъуащ. 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ 2009 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм мэкъумэш организацэхэм **зы жэмым хуэзэу шэуэ** килограмм 833-рэ (килограмм 792-рэ) къыщIашащ, **джэд къэс хуэзэу джэдыкIэу** 58-рэ къыщIахащ.

2009 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 2010 гъэм мэлыжьыхьым и пэщIэдзэм **Iэщхэр мэкъумылэрэ Iусыпхъэ-кIэ** нэхъыфIу къызэгъэпэщауэ щытащ. 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу мэкъумэш организацэхэм зы Iэщым тещIыхьауэ Iусыпхъэ единицэу центнери 4,8-рэ яIащ, 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м хуэзэу яIэ центнери 3,8-м и пIэкIэ.

Коммерческэ хьэлъэхэр автотранспорткIэ къезышэкI организацэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ 2010 гъэм и I кварталым кърикIуа быдэу хьэлъэу тонн мелуани 0,6-рэ ягъэIэпхъуащ, ар 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процентi 5,5-кIэ нэхъыбэщ. Хьэлъэу тонн-километр мелуан 31-рэ кърашэкIащ, ар процент 13,6-кIэ нэхъ мащIэщ.

АвтобусхэмкIэ, маршрутхэм тет таксомоторхэмкIэ цIыху мелуан 13,6-рэ, троллейбусхэмкIэ цIыху 1 мелуан кърашэкIащ. Псоми къагъэсэбэп пассажир автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 136,1-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м къызэритамкIэ, автомобиль гъуэгухэм, жылагъуэхэм я уэрамхэм автотранспортым пыщIауэ къыщыхъу щIэщхъухэм якIэрыхуащ. Апхуэдэ къэхъукъащIэу 2010 гъэм и I кварталым 119-рэ ятхащ, ар 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процент 22,2-кIэ нэхъ мащIэщ. Гъуэгухэм цIыхуи 141-рэ щыхэкIуэдащ.

Республикэм связымкIэ и организацэхэм 2010 гъэм и I кварталым **Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIар** сом мелуан 915,2-рэ и уасэ хъууэ къалъытэ. А лэжьыгъэр иджыпсту зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ 2009 гъэм и I кварталым еплъытмэ, процент 15,4-кIэ нэхъыбэщ. Связым и Iуэхутхьэбзэ псоми ящыщу цIыхухэм хуащIар сом мелуан 795,3-рэ и уасэ мэхъу, гъэ кIуам зыхуэфащэ и лъэхъэнэм елъытауэ ар процент 19,5-кIэ нэхъыбэщ, связым и Iуэхутхьэбзэу цIыхухэм хуащIэхэм я уасэхэм I процентк Iэ зэрыхэхъуари хэту.

2010 гъэм и I кварталым кърикIуа быдэу республикэм и щэхуакIуэ рынокым щащIа **розницэ сатур** 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процентi 3,5-кIэ нэхъыбэщ икIи псори зэхэту сом мелуан 1211,9-рэ и уасэ мэхъу.

Розницэ сатум зэфIигъэкIа псоми я процент 34,4-м щIигъур къызэрагъэпэщащ хьэпшып, ерыскъы бээзэрхэм, апхуэдэу а лъэужьыгъуитIри щащэ бээзэрхэм.

ЕрыскъыхэкIыу, фадэрэ псыуэ, тутыну цIыхухэм иращащ сом мелуан 5736,7-рэ и уасэ, ар товар бжыгъэкIэ къапщтэмэ, 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процент 1,3-кIэ нэхъыбэщ; ерыскъыхэкIхэм химыубыдэ товару сом мелуан 6382,3-рэ и уасэ е блэкIа зыхуэфащэ лъэхъэнэм елъытауэ процентi 5,6-кIэ нэхъыбэ ящащ. Розницэ сатур и зэхэлъыкIэкIэ къапщтэмэ, фадэр, псыхэкIхэр, тутыныр хэту, ерыскъыпхъэу ящэр 2010 гъэм и гъатхэпэ мазэм процент 46,8-м нэсу ехащ 2009 гъэм и гъатхэпэм яща процент 49,2-м и пIэкIэ, ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ товархэр процент 50,8-м щегъэжьауэ процент 53,2-м нэсу дэкIуеящ.

Опт сатуур экономикэм пыщIа организацэ псоми 2010 гъэм и I кварталым ящIар сом мелуан 1659-рэ и уасэ мэхъу, товар бжыгъэкIэ къапщтэмэ, ар 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процент 31,6-кIэ нэхъыбэщ.

ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм и цIыхухэм 2010 гъэм и I кварталым сом мелуан 3199,2-рэ и уасэ хуащIащ, 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ ар процентi 2,9-кIэ нэхъыбэщ. Организацэхэм (хьэрычэт Iуэху мыинымр хэмыту) сом мелуан 2242,2-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ е Iуэхутхьэбзэ псоми я процент 70,1-р зэфIагъэкIащ.

Унагъуэ Iуэхутхьэбзэу сом мелуан 396,2-рэ и уасэ 2009 гъэм и I кварталым елъытауэ процент 1,9-кIэ нэхъыбэ зэфIагъэкIащ. ПщIэкIэ ялэжьа Iуэхутхьэбзэ псоми ящыщу процент 11,5-р унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэрщ.

Урысей Федерацэ псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми 2010 гъэм и I кварталым щыхэхъуащ **товархэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щIат уасэхэм**. Зэрыщыту къапщтэмэ, 2010 гъэм и I кварталым кърикIуа быдэу уасэхэм процентi 103,7-м (зэрыщыту Урысейм процентi 103,2-м) нэсу заIэтащ. Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуапхъэщ псом хуэмыдэу пщIэкIэ ялэжь Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ лъапIэ зэрыхъуар, абыхэм я уасэхэр процентi 5,9-кIэ (Урысейм - процентi 5,4-кIэ) къызэраIэтар. Ерыскъыпхъэхэр процентi 4,9-кIэ, (Урысейм - процентi 3,8-кIэ) ерыскъыхэкIыу щымыт товархэр процент 0,8-кIэ (Урысейм - процентi 0,9-кIэ) нэхъ лъапIэ хъуащ.

Илъэсым зэрыщIидзэрэ ерыскъыгъуэхэр ящыщу нэхъ лъапIэ хъуащ, кIэртIофри хэту, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ, шэр, гъэшхэкIхэр, джэдыкIэр, кхъуейр, мэлылхэр хадэхэкIхэмрэ мэракIуэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ къыхэщIыкIа консервхэр, фошыгъур, фадэхэкIхэр, сэхуран дагъэр, тхъуцIынэр, хадэхэкI консервхэр, крупар, джэшхэкIхэр, маргариныр, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм къадэкIуэу я уасэхэм кIэрыхуащ шейм, джэдылым, майонезым.

Ерыскъыгъуэу щымыт товару зыкIэлъыплъхэм ящыщу илъэсыр къызэрыунэхурэ нэхъ лъапIэ хъуащ тутынхэкIхэр, телерадиохьэпшыпхэр, унэлъащIэр, автомобиль псынщIэхэр, хущхъуэхэр, зэрытхьэщIэ-зэрыжьыщIэ хуэIухуэщIэхэр, трикотажыр, щыгъыныр, парфюмер косметикэ хьэпшыпхэр, вакъэр, галантереер, нэгъуэщIхэри. Автомобильхэм ирагъахъуэ бензиным и уасэм кIэрыхуащ.

ЦIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу мы гъэм зи уасэхэм хэхъуахэм ящыщщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр, щэнхабзэм и IуэхущIапIэхэр, санаторэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфакIуэ IуэхущIапIэхэмрэ я Iуэхутхьэбзэхэр, псэупIэ-коммунальнэ, медицинэ, унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэр, физкультурэмрэ спортымрэ, егъэджэныгъэм я Iуэхутхьэбзэхэр.

Пассажир транспортым и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр нэхъ пуд хъуащ.

2010 гъэм мазаем и кIэухым хуэзэу республикэм и экономикэр зыхэта гугъуехьхэм ящыщщ **щIыхуэхэм я Iуэхур.** 2010 гъэм гъатхапэм и 1-м ирихьэлIэу (страховой, бюджет организацэхэр, банкхэр, хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэхэр хэмыту) организацэ инхэм, курытхэм къалэн зыщащIыжахэмкIэ (кредитхэмкIэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ, щIыхуэхэмкIэ) щIыхуэу ятелъар сом мелуан 2423,5-рэ е щIыхуэ псоми я процентi 10,6-рэ хъууэ щытащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ псоми ящыщу кредитор щIыхуэр процент 85-рэ, банкхэм я кредитхэмрэ заемхэмкIэ щIыхуэр процент 15-рэ мэхъу.

Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2010 гъэм гъатхэпэм и 1-м сом мелуан 2060,8-рэ щыIащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псоми я зэхуэдитIым щIигъур (процент 63,-р) къыхурагъэша продукцэм, ирагъэщIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм ящыщу къатенарщ.

Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2010 гъэм гъатхапэм и 1-м ирихьэлIэу сом мелуан 1771,2-рэ щыIащ. Зи пшыныжыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэр къанэ щIагъуэ щымыIэу (процент 89,5-р) хурагъэша товархэм, хуащIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакIуэхэм кърамытыжахэрщ.

ЦIыхухэм псори зэхэту къаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр 2010 гъэм и I кварталым сом мелуан 23085,6-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 13,2-кIэ нэхъыбэщ.

КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, ахъшэ хэхъуэхэр (фIэкIыпIэ зимыIэ платежхэр хагъэкIауэ, щэхуакIуэ уасэхэм зэрызахъуэжыр къэлъытауэ) процентi 4,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Хэхъуэу цIыхухэм къаIэрыхьар сом мелуан 2711,2-кIэ нэхъыбэщ ахъшэу а зэманым къагъэсэбэпам нэхърэ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2010 гъэм и мазае-щIышылэ мазэхэм (хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэри хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахуэр** сом 10555,4-м нэсащ икIи 2009 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентi 6,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, курыт лэжьапщIэм процент 1,9-кIэ кIэрыхуащ.

Мазае мазэм ику ит номинальнэ лэжьапщIэр сом 10266,8-м нэсащ, ар щIышылэ мазэм елъытауэ процентi 5,4-кIэ нэхъ мащIэщ, 2009 гъэм и мазае мазэм елъытауэ процентi 6,4-кIэ нэхъыбэщ. КъыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ, лэжьапщIэм щIышылэ мазэм елъытауэ процент 6,5-кIэ, 2009 гъэм и мазае мазэм елъытауэ процентi 2,6-кIэ кIэрыхуащ.

Ику ит номинальнэ мазэ лэжьапщIэм, къыщIэкIам тещIыхьауэ ику ит мазэ лэжьапщIэм (социальнэ ахъшэр хэмыту) 2009 - 2010 гъэхэм зэрыхэхъуа (зэрыхэщIа) псынщIагъыр (2008 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ процентк Iэ).



ЛэжьапщIэр финанс Iуэхухэм пыщIа организацэхэм щынэхъ ину, къэкIыгъэ дагъэ, тхъу, тхъуцIынэ щащI IуэхущIапIэхэм щынэхъ мащIэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщ и органхэм 2010 гъэм гъатхэпэм и кIэухым ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу цIыху мин 20,8-рэ щатхащ. ЗэрылэжьапIэншэм къыхэкIыу ахъшэ къратыну хуитыныгъэ яIащ цIыху мин 18,6-м.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ къэрал органхэм 2010 гъэм и гъатхэпэ мазэм кърикIуа быдэу **цIыху лэжьапIэншэу** мини 2-м зыкъыхуагъэзащ, лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ ядэIэпыкъуну къэлъаIуэу. Абыхэм ящыщу цIыху 863-м, 2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм елъытауэ процент 24,7-кIэ нэхъыбэм, лэжьапIэ (хэхъуэ къызыпахын IэнатIэ) къагъуэтащ.

Роспотребнадзорым и ЩIыналъэ управленэу КъБР-м щыIэм къызэритамкIэ, 2009 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 2010 гъэм и I кварталым **эпидемиологие щытыкIэр** нэхъ ткIиящ, тэмакъ, тхьэмбыл уз зэрыцIалэхэр зэфыкIхэр процентi 7,5-кIэ, тхьэмщIыгъу уз зэрыцIалэхэр процент 82,5-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуам къыхэкIыу. Псори зэхэту сымаджэу ятхар цIыху мин 28,5-рэ мэхъу, ар 2009 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентi 6,3-кIэ нэхъыбэщ.

Уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу цIыхухэм нэхъыбэу къеуэлIащ тэмакъ-вирус уз зэрыцIалэр (процент 89,8-рэ), кIэтIий уз зэрыцIалэхэр (процентi 4,5-рэ).

КъБР-м щыIэ МВД-м къызэритамкIэ, 2010 гъэм и I кварталым щIэпхъаджагъэу ялэжьауэ ятхащ 2509-рэ, 2009 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ялэжьауэ ятха 2408-м и пIэкIэ. Ятха щIэпхъаджагъэ псоми ящыщу 753-р щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ (ар 2009 гъэм и япэ кварталым елъытауэ процентi 8,6-кIэ нэхъ мащIэщ).

2010 гъэм и япэ мазищым кърикIуа быдэу хэщIыныгъэшхуэ къэзыхьа щIэпхъаджагъэу 449-рэ ятхащ, ар 2009 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентi 9,5-кIэ нэхъыбэщ.

ЦIыху зэхуэсыпIэу щыт щIыпIэхэм щалэжьа хабзэншагъэу 233-рэ (2009 гъэм и япэ кварталым елъытауэ процент 1,3-кIэ нэхъ мащIэ) ятхащ.

2010 гъэм I кварталым щIэпхъаджагъэ зылэжьауэ сэтей къащIахэр процентi 8,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи цIыху 1137-м нэсащ. ЩIэпхъаджащIэхэм ящыщу уголовнэ жэуапым цIыху 1032-рэ ирашэлIащ.

2010 гъэм и япэ кварталым ялэжьа щIэпхъаджагъэ псоми я процент 70,2-р зэхагъэкIащ (2009 гъэм и япэ кварталым - процент 69,8-рэ).

КъызэралъытэмкIэ, **Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2010 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу цIыхуу исар** мин 894-рэ мэхъу. 2010 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм республикэм къалъхуауэ 1861-рэ, лIауэ 1353-рэ щатхащ, 2009 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм къалъхуахэр 1884-рэ, лIахэр 1508-рэ хъууэ щытащ.

2010 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм ЗАГС-м и органхэм нэчыхь 831-рэ ятхащ, 2009 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм елъытауэ ар процентi 5,2-кIэ нэхъ мащIэщ. ЗэбгъэдэкIыжхэм я бжыгъэм процент 23,5-кIэ кIэрыхуащ икIи 322-м нэсащ. 2010 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм республикэм щатха нэчыхьхэм ящыщу 1000-м тещIыхьауэ 387 якъутэжащ, 2009 гъэм и щIышылэ-мазае мазэхэм а бжыгъэр 480-рэ хъууэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр статистикэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Лъэужь дахэ

Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр 1950 гъэм накъыгъэм и 25-м Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1952 гъэм и адэ-анэр Нарткъалэ Iэпхъуэри, абы къыщыхъуащ, щеджащ. 1967 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ факультетым щIэтIысхьэри, ухуакIуэ Iуэхум щыхуеджащ, къыкIэлъыкIуэу Чкаловым и цIэр зэрихьэу Горький къалэм дэт инженер-техникэ институтым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, 1985 гъэм Дон Iус Ростов дэт Парт школ нэхъыщхьэр политолог Iэщlагъэр иIэу къиухащ.

«Аруан межколхозстрой» управленэ № 1-м и ПТО-м и инженеру, иужькIэ а IэнатIэм и мастеру, прорабу, инженер нэхъыщхьэу, унафэщIу лэжьащ. 1980 гъэм КПСС-м и Аруан райкомым и секретару, илъэситI нэхъ дэмыкIыу куейм и гъэзэщIакIуэ комитетым и Iэтащхьэу, 1986 гъэм партым и Тэрч райкомым и япэ секретару, 1990 гъэм цIыхубэ депутатхэм я Тэрч район Советым, 1992 гъэм Аруан куей администрацэм я тхьэмадэу хахащ.

1998 гъэм КъБР-м ухуэнычъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министрщ, 2003 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм и депутатщ, абы и УнафэщIым и къуэдзэщ. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ цIыхубэ депутатхэм я Аруан, Тэрч район Советхэм я депутату щытащ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и XII, КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ, ещанэ хэхыгъуэхэм я депутату хахащ.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Зэныбжьэгъугъэм и орденымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылърэ къыхуагъэфэщащ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и ЩIыхь тхылъ кърататщ, Мэхъэчкъалэрэ Тэрч къалэрэ «ЩIыхь зиIэ я цIыху», «Урысейм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

И гум фIэфIу, и псэм къищтэу къыхих IэщIагъэр цIыхум къыдалъхуу жаIэ. ИкIи абы щыхьэт техъуэ нэщэнэхэм куэдрэ гъащIэм дыщрохьэлIэ. ИпэжыпIэкIэ хишыну лъагъуэм ныбжьыщIэр щытеувэр и адэжь пщIантIэрщ, и сабиигъуэр щигъакIуэ щIыпIэрщ. Нэхъыжьхэм я щапхъэр я фащэу, абыхэм я жыIэр я гъуазэу, гъащIэм и лъапIэныгъэхэр зыхащIэу къотэдж, гъусэ пэжуи къадокIуэкI.

Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Бозий Натбий ящыщщ апхуэдэ лъагъуэ дахэм, угъурлым тету ди нобэм къэсахэм.

- СЫЗЭРЫЦIЫКIУРЭ ухуакIуэ IэщIагъэм сыщIэхъуэпсырт. Си адэр а Iуэхум хуэIэзэти, псэупIи, псэуалъи иухуэрт, лэжьапIэм сыщыздишэхэм сфIэфIу сыдэIэпыкъурт, и IэбэкIэм сыдихьэхыу сыкIэлъыплъырт, хьарзынэуи сыхэзагъэрт. Нарткъалэ дэт курыт школ №1-р къэзуха нэужь, нэгъуэщI гуэрым семыгупсысу а гъэ дыдэм КъБКъУ-м сыщIэтIысхьэри, си нэр къызыхуикI ухуакIуэ IэщIагъэм сыхуеджащ, - жеIэ Натбий. - 1972 гъэм ар къэзухащ икIи езанэ «Аруан межколхозстрой» управленэм сыуври илъэси 8-кIэ, партым и райкомым и секретару сыхахыху, абы сыщылэжьащ.

Нэхъыжьыфlуэхэм зэращIэжщи, а зэманым къулыкъукIэ угъэкIуэтэн щхьэкIэ Iуэхум фIыуэ хэпщIыкIыныр мащIэт - компартым ухэтын хуейт. УхуакIуэ управленэм и инженер нэхъыщхьэу ягъэувыну къыщыхалъхьам Бозийр партым хэттэкъым, райкомым и бюром и унафэкIэ абы щыхагъэхьэжар нэхъ иужькIэщ.

- Иджы щIэрыщIэу къызэрагъэпэщыжа Лэскэн районыр зэрыщыту дэ къыдэгъэбыдылIат. Ди щIалэхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэхьейрт. Курыт еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр, Iэщ псэуалъэхэр куэду дыухуэрт, гъэш заводхэр тщIырт, зы илъэсым къриубыдэу ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэу сом мелуан ищрэ мин щитхурэ и уасэ зэфIэдгъэкIырт. Абы щыгъуэ ар ехъулIэныгъэшхуэу къалъытэрт, - игу къегъэкIыж Натбий.

